



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE PLIS PASE 3.8 MILYON DOLA POU SIPÒTE AMELYORASYON ABRI POU BÈT YO

*Finansman an sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon nan abri  
bèt New York yo ki amelyore swen ak sante bèt yo*

*Yo dedye plis pase 33 milyon dola pou fon kapital pou bèt konpayi yo depi 2017*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral bay prèske 3.8 milyon dola bay dis òganizasyon k ap pran swen bèt nan tout eta a atravè Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York (New York State Companion Animal Capital Fund) la, ki nan sizyèm faz li. Finansman an pral sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon ki pral amelyore swen ak sante bèt epi ede asire moun adopte chen ak chat New York yo. Kòm premye Eta nan nasyon an ki finanse pwojè kapital pou abri pou bèt yo, Eta New York kontinye demontre angajman li pou garanti lojman an sekirite ak swen pou chen ak chat ki nan abri pandan y ap tann adopsyon.

"Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la te kontinye fè yon diferans reyèl pou abri ak sosyete imanitè nou yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral pèmèt yo pi byen ekipe enstalasyon vital sa yo ak zouti yo bezwen pou amelyore kalite swen pou bèt yo pandan y ap tann yon fwaye pèmanan epi ki gen lanmou."

Depi lansman pwogram Fon Kapital pou Bèt Konpayi a an 2017, ke Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) te administre, eta a te dedye plis pase 33 milyon dola nan pwogram nan. Faz finansman sa yo bay la baze sou inisyativ avan yo pou konpanse depans ki asosye ak pwojè kapital yo abri pou bèt Eta New York yo ap dirije, tankou renovasyon nich pou chen, amelyore enstalasyon medikal yo, oswa bati abri ki pi efikas pou diminye depans operasyon jeneral yo. Pwojè ki finanse ane sa a gen ladan nouvo espas pou chen ak chat viv, enfrastruktir amelyore, ak espas deyò ki amelyore.

Yo te bay abri yo sibvansyon konpetitif sou baz yon evalyasyon nesosite, yon deskripsyon detaye sou pwojè a ak pri rezonab. Òganizasyon sa yo te resevwa yon prim nan faz pwogram sa a:

- **Animal Protective Foundation of Schenectady (Scotia, Konte Schenectady)** – 500,000 dola pou konstwi yon nouvo antre ak enstalasyon admisyon, kreye sal izolasyon ak zòn lojman pou chat, epi enstale yon sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon, ak Klimatizasyon) amelyore.
- **Bideawee (Vil New York, Konte New York)** – 200,000 dola pou ranplasman do kay la.
- **Chenango SPCA (Norwich, Konte Chenango)** – 500,000 dola pou konstwi ak enstale nich izolasyon ak nich ki gen de kote, ki gen ladan HVAC, latrin, plonbri, ak sistèm elektrik.
- **Country Acres Animal Shelter (Homer, Konte Cortland)** – 289,565.37 dola pou modènize pòtay ak pano separasyon, kreye de nouvo chanm ki gen plizyè itilizasyon, amelyore sistèm chofaj ak elektrik, epi kreye twati pou espas deyò.
- **Jefferson County SPCA (Watertown, Konte Jefferson)** – 466,292.70 dola pou konstriksyon yon nouvo anèks, enstalasyon yon nouvo sistèm HVAC, ak amelyore kontwòl tanperati ak kontwòl son, epi ogmante kapasite pou pwogram "Trap-and-Neuter" (Pran nan pyèj epi chatre) ak vaksinasyon ba pri yo.
- **Paw of Orleans County (Albion, Konte Orleans)** – 51,249 dola pou ranplase nich pou chat, amelyore patiraj pou chen, amelyore sistèm HVAC, epi ranplase yon ponp a chalè.
- **Pets Alive (Middletown, Konte Orange)** – 500,000 dola pou nouvo HVAC ak enstalasyon ekipman pou nich, planche rezistan ak plafon akoustik.
- **Vil Southampton (Konte Suffolk)** – 402,608 dola pou ranplasman nich ak enstalasyon yon sistèm planche avèk epoksi (adezif) ki gen gwo pèfòmans.
- **Vil Webster (Webster, Konte Monroe)** – 400,000 dola pou konstwi nich pou chen ak chanm ak lòt espas tankou depo, pou preparasyon manje, lojman nan kaj ak espas izolasyon.
- **Tri Lakes Humane Society (Saranac Lake, Konte Franklin)** – 500,000 dola pou amelyorasyon plonbri, enstalasyon yon sistèm pou diminye son, ranplasman vantilasyon ak planche ki andomaje, amelyorasyon galri chat, ak agrandisman nich yo.

Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2025 la gen ladan yon lòt 5 milyon dola pou kontinite pwogram enpòtan sa a.

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare,** "Atravè sis faz, li te enkwayab pou wèabri nou yo atravè eta a reyalize pwojè sa yo ki amelyore lavi bèt yo nan fason yo pran swen yo. Mwen fyè dèske finansman yo anonse jodi a pral pèmèt yo pousuiv gwo travay pwogram sa a, sa k ap ede bèt New York yo rete kontan ak an sante pandan y ap tann kay k ap akeyi yo definitivman."

**Libby Post, ki se Direktris Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Zannimo Eta New York lan, te deklare,** "Yon lòt fwa ankò, Fon Kapital pou Bèt Konpayi an pral gen yon gwo enpak sou lavi bèt konpayi ki san kay k ap viv nanabri nou yo. Fon an te amelyore kalite lavi yo ak kreye anviwònman kote pwofesyonèl byennèt bèt yo ka fè travay yo pou pran swen bèt yo san obstak tankou sistèm tretman lè ki bezwen ranplase, nich ki demode epi ki depafini ak planche ki gen twou epi k ap pwopaje maladi. Lè Federasyon

Pwoteksyon Bèt Eta New York la te pwopoze mezi sa an 2017, nou te konnen yon chanjman enkwayab te kapab fèt nanabri pou bèt New York yo—e se ka ki pase kounye a! Federasyon an remèsye Gouvènè Hochul ak defansè lejislatif nou yo, Manm asanble Deborah Glick ak Senatè Eta Joseph Addabbo paske yo te asire ke fon sa yo disponib pou ede moun ki pa gen posibilite fè tande vwa yo."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la te ede anpilabri bèt lokal yo fè amelyorasyon nan enstalasyon ki nesèsè yo pou bèt y ap pran swen yo ka viv san danje epi ak kè kontan pandan y ap tann pou yo jwenn kay ki pral akeyi yo a. Mwen toujou fyè pou m defann pwogram sa a nan Bidjè Eta a, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te pwolonje yon lòt faz sibvansyon nanabri nan eta nou yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen rekonesan dèske Fon Kapital pou Bèt Konpayi an disponib pou edeabri yo pote amelyorasyon ki nesèsè anpil. Lajan sa yo pral pèmèt òganizasyon yo bay pi bon kalite swen pou bèt yo pandan y ap tann adopsyon yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo paske yo kontinye sipòte efò enpòtan sa a. Mwen te wè pèsònèlman ki jan fon sa yo te byen itilize epi mwen konnen ki jan resous sa yo nesèsè."

Divizyon Endistri Bèt Depatman Agrikilti ak Mache yo ankouraje agrikilti pwodiksyon animal ki dirab ak sekirite rezèv manje orijin animal yo. Objektif sa yo reyalize atravè efò regilasyon ak edikasyon koperativ ak plizyè ajans, piblik kou prive. Divizyon an gen anplwaye nan Albany ak veterinè ki nan tout eta a. Anplis de anpil lòt responsabilite, Divizyon an kontwòle lisans pou chen, fikse nòm pou swen imanité pou chen yo sezi yo ak enspeksyonabri minisipal yo, li jere kontra pou Pwogram Kontwòl Popilasyon Bèt Eta New York la ak Pwogram Enspeksyon Machann Bèt Konpayi, epi li bay fòmasyon ak asistans bay ofisye fòs de lòd lokal yo nan ka byennèt bèt yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)